

Veri Jenital ak Anal yo

Veri jenital ak anal yo koze pa papilomavirus imen an (human papillomavirus, HPV). HPV se enfeksyon moun pran nan fè bagay (sexually transmitted infection , STI) ki pi komen nan Etazini. Enfeksyon HPV ka lakòz veri jenital e ka evantyèlman lakòz kansè.

Sentòm yo

Pifò moun ki gen HPV pa gen veri oswa lòt sentòm. Si veri yo prezante sou jenital la oswa zòn anis lan, yo sanble ti boul chè. Veri yo ka kache tou sou kòl matris la, nan vajen an oswa nan anis lan. Lè yo prezan, veri jenital ak anal yo ka lakòz gratèl.



Klinik Sante Seksyèl Vil New York yo bay sèvis konfidansyèl, ki pa koute chè oswa gratis ki gen ladan tès STI ak VIH.

Pou jwenn yon klinik,
vizite
nyc.gov/health/clinics.

Veri Jenital ak Anal yo



Prevansyon

Pi bon fason pou anpeche veri jenital ak anal yo se avèk vaksen kont HPV a.

Vaksen kont HPV rekòmande pou:

- Timoun ki gen ant 9 ak 12 an
- Adolesan ak jèn adilt ki pa t fini seri vaksen HPV a lè yo te pi jèn
- Moun ki gen jiska laj 26 an ki potko pran vaksen an
- Kèk granmoun ki gen laj ant 27 ak 45 an ki potko pran vaksen an

Adolesan ki kòmanse seri a lè yo gen mwens ke 15 an ta dwe resevwa de (2) vaksen nan lespas omwen sis (6) mwa. Nenpòt ki moun ki kòmanse seri a laj 15 an oswa plis pral bezwen resevwa twa (3) vaksen nan lespas sis (6) mwa.

Kapòt ak pwoteksyon bouch ka diminye chans pou pwopaje HPV, men HPV ka toujou enfekte zòn ki pa kouvri pa kapòt oswa pwoteksyon bouch la.

Tès

Pwofesyonèl swen sante ou ka gade pou di si ou gen veri jenital oswa anal. Pa gen okenn tès san klinik pou wè si ou te ekspoze a HPV.

Tretman

Tretman depann de gwosè, kantite ak kote veri yo sititiye a. Yo kapab retire veri yo avèk krèm ak likid ki gen medikaman, lè yo konjele yo avèk nitwojèn likid, operasyon oswa tretman lazè.

Poukisa Pou w Jwenn Tretman

Si yo pa trete, veri jenital yo ka vin pi gwo, senyen, epi lakòz doulè ak gratèl. Pafwa, veri jenital ak anal yo disparèt poukont yo san tretman.

Patnè Seksyèl yo

Si yo dyagnostike w ak veri jenital oswa anal, di patnè seksyèl aktyèl ou a (yo) pou yo ka evalye pou veri ak lòt STI epi pou yo ka jwenn tretman apwopriye a. Kounye a pa genyen tès ki lajman disponib pou di si yon moun san veri vizib oswa lòt sentòm gen HPV. Ankouraje patnè seksyèl ou a (yo) pou jwenn vaksen kont HPV si yo kalifye.

Veri Jenital ak Anal yo ak Gwosès

Pandan gwosès, veri jenital ak anal yo ka gwosi pi vit. Pa gen anpil risk pou ti bebe a, men ou ta dwe di pwofesyonèl swen sante ou ke ou ansent lè w ap chèche tretman pou veri jenital oswa anal.